



## AVI ANYÈL KONSÈNAN KONSANTMAN POU DIVILGE ENFÒMASYON POU RANBOUSMAN MEDICAID

Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) ka resevwa lajan anplis pou kèk nan sèvis yo bay elèv tankou pitit ou a, ki gen yon plan edikasyon endividyèl (individualized education plans, IEP). Pou lekòl nou yo kapab resevwa fon sa a, ou te deja siyen yon konsantman pou (1) yo gen aksè nan enfòmasyon ki ka idantifye pitit ou a nan dosye edikasyon espesyal li, pou bay pwogram federal Medicaid enfòmasyon sa yo konsènan evalyasyon edikasyon espesyal, pwogram ak sèvis yo bay pitit ou a epi (2) gen aksè nan kouvèti asirans Medicaid pitit ou a pou peye pou sèvis sa yo. Lèt notis anyèl sa a se pou raple w ke lè w te siyen konsantman sa a, ou te konprann epi ou te dakò ke Depatman Edikasyon Vil Nouyòk kapab gen aksè nan Medicaid oswa asirans pitit ou a pou peye pou sèvis yo bay pitit ou a oswa sèvis yo bay nan non li.

Mèsi pou kolaborasyon w pou asire ke lekòl leta resevwa plis finansman posib pou sipò esansyèl nou ofri elèv nou yo.

### **Ki enfòmasyon n ap bay pwogram Medicaid eta a ak federal konsènan pitit mwen an?**

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYC DOE) ap bay enfòmasyon konsènan evalyasyon edikasyon espesyal ak sèvis yo bay pitit ou a. Enfòmasyon sa yo ka gen IEP a, nòt sou pwogrè, dosye prezans, evalyasyon ak lòt dosye ak enfòmasyon sou evalyasyon ak sèvis yo bay pitit ou a.

### **Eske mwenmenm oswa fanmi m gen pou peye pou sa?**

Oumenm ak fanmi w pa gen pou peye anyen. Ou p ap gen okenn obligasyon pou depans, prim, ni kopeman pou sèvis yo y ap bay pitit ou. Sa p ap gen okenn efè sou sèvis yo bay pitit ou a anndan oswa andeyò lekòl la. Si fanmi gen Medicaid, yo p ap anile kouvèti Medicaid la, kantite kòb Medicaid etabli pou peye pou dire vi a p ap vin pi piti, ni sa p ap afekte sèvis ke fanmi w ap resevwa nan okenn fason lè nou gen aksè nan avantaj Medicaid yo. Yo p ap oblije w pou enskri pou jwenn Medicaid pou pitit ou resevwa sèvis ki nan IEP li a. Ou p ap riske pou pèdi elijiblite pou eksepsyon ki baze sou kay ak kominote, si genyen, ki baze sou depans total ki gen rapò avèk sante w.

### **Eske mwen ka chanje ide m sou pèmasyon mwen bay NYCDOE pou gen aksè nan enfòmasyon pitit mwen ak soumèt bòdwo bay pwogram Medicaid epi anile konsantman m lan?**

Wi - ou ka chanje ide w sou konsantman sa a nan nenpòt moman. Pou chanje desizyon w, kontakte lekòl pitit ou a epi mande pou ranpli yon nouvo fòm konsantman Medicaid. NYCDOE dwe toujou bay pitit ou sèvis edikasyon espesyal san sa pa koute w senkòb menmsi ou anile konsantman an nan yon dat apre.